Delè pou Fè Apèl

Aprann kisa w dwe atann apre w fin fè apèl kont desizyon PFML la, ak konbyen tan pwosesis apèl la pran.

1 → 2 → 3 → 4 → 5 → 6

Etap 1:
Depoze kontestasyon w nan 10 jou kalandriye apre w resevwa avi desizyon Depatman Fanmi ak Konje Medikal (DFML) la.

15 minit rive jiska 1 èdtan

Avi sa a gen ladan l enstriksyon sou fason pou depoze yon apèl (kontestasyon). Si w te soumèt reklamasyon w lan sou entènèt, voye yon apèl nan paidleave.mass.gov. Sinon, yo ka sèvi avèk fòm Request an appeal pou Peman Fanmi ak Konje Medikal pou soumèt yon demann apèl. Si w depoze yon kontestasyon pita pase dis (10) jou kalandriye, ou dwe kominike sou fòm nan ke w rate dat limit la pou rezon ki pa nan kontwòl ou.

Etap 2:
Depatman Fanmi ak Konje Medikal (DFML) ap revise apèl ou a.

Jiska 30 jou kalandriye

Etap 3:
Veye pou w resevwa yon apèl telefòn oswa yon avi nan kourye lapòs nan men yon reprezantan DFML.

7-14 jou kalandriye

DFML ka kontakte w pou plis enfòmasyon oswa klarifikasyon sou prèv ki soumèt yo. Si sa posib, nou pral rezoud pwoblèm nan fason sa a, enkli bay enstriksyon pou mete ajou aplikasyon w lan.

Etap 4:
Si nou pa ka rezoud pwoblèm nan pa telefòn oswa nan kourye lapòs, nou pral pwograme yon odyans. Y ap fè w konnen lè odyans ou a pa mwens pase 10 jou anvan dat odyans ou a.

10 jou

Nou pral voye yon imèl konfimasyon ba w davans. Imèl konfimasyon sa a ap gen ladan l yon lyen pou rantre nan odyans ou a.

Etap 5:
Apre odyans ou a, nou pral bay yon desizyon nan 30 jou kalandriye. Si yo apwouve ka w la, ou ka atann aske chanjman w yo aplike nan 2-4 semèn apre yo pran desizyon a.

Jiska 30 jou kalandriye, apre sa 2-4 semèn pou mete l an fonksyon.

Step 6:
Si w ple mennen apèl la pi lwen, ou ka depoze yon plent nan Tribinal Distri lokal ou, 30 jou kalandriye apre w resevwa desizyon nou an.

Jiska 30 jou kalandriye

Paid Family & Medical Leave MASSACHUSETTS
PFML
DFML MA Department of Family and Medical Leave